

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil ngolah data dina bab IV, bisa dicindekkeun ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis éséy siswa kelas XII IPA SMA KARTIKA XIX-3 Bandung taun ajaran 2013/2014 saméméh ngagunakeun modél *Concept Sentence* kawilang can mampuh nulis éséy kalawan bener (rata-rata: 58,8), kalawan rata-rata aspék eusi (2,56), aspék organisasi (2,44), aspék kandaga kecap (2,36), aspék tata basa (2,16), jeung aspék mékanik (2,2). Upama diperséntasekeun 12% (3 urang) siswa mampuh nulis éséy kalawan bener jeung 88% (22 urang) siswa can mampuh nulis éséy kalawan bener.
- 2) Kamampuh nulis éséy siswa kelas XII IPA SMA KARTIKA XIX-3 Bandung taun ajaran 2013/2014 sabada ngagunakeun modél *Concept Sentence* kawilang mampuh nulis éséy kalawan bener (rata-rata: 77,4), kalawan rata-rata aspék eusi (3,6), aspék organisasi (3,44), aspék kandaga kecap (2,72), aspék tata basa (2,68), jeung aspék mékanik (3,08). Upama diperséntasekeun 76% (19 urang) siswa mampuh nulis éséy kalawan bener jeung 24% (6 urang) siswa can mampuh nulis éséy kalawan bener.
- 3) Aya béda anu signifikan kamampuh nulis éséy siswa kelas XII IPA SMA KARTIKA XIX-3 Bandung taun ajaran 2013/2014 antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Concept Sentence*, katitén dina hasil uji hipotésisna nyaéta  $t_{itung} (11,87) > t_{tabel} (2,49)$ . Hartina, modél *Concept Sentence* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis éséy siswa kelas XII IPA SMA KARTIKA XIX-3 Bandung taun ajaran 2013/2014.

## 5.2 Saran

Saenggeus ngayakeun panalungtikan sarta ngabuktikeun hipotésis, aya sababaraha saran pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis éséy nyaéta:

- 1) Modél *Concept Sentence* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis éséy. Ku kituna, ieu model pangajaran dipiharep bisa jadi alternatif pikeun guru dina milih modél pangajaran.
- 2) Saran pikeun siswa, ronjatkeun deui rasa sumanget diajar jeung ronjatkeun deui kualitas nulis utamana nulis karangan dina basa Sunda sangkan bisa ngagunakeun basa Sunda anu luyu tur merenah.
- 3) Ieu panalungtikan ngan dilakukeun dina pangajaran nulis éséy ka siswa kelas XII IPA SMA KARTIKA XIX-3 Bandung taun ajaran 2013/2014. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan anu leuwih jembar sangkan ngeuyeuban jeung méré hal-hal anu anyar pikeun ngaronjatkeun kualitas pangajaran.